ГКОУ РД «Камбулатская средняя общеобразовательная школа»

# ОТКРЫТЫЙ УРОК

## тема:

# «Лексика такрар гьаби»

**5 класс**

*Подготовила учитель*

*родного языка и литературы*

*Омаров Гусейн Курбанович*

*Камбулат-2019*

**Тема : Лексика такрар гьаби**

**Мурадал:**

1. **Лъай кьеялъул:**

**- Араб материал такрар гьабиялдалъун лъималазул лексика г1ат1ид гьаби**

2. **Лъай цебет1еялъул:**

**- Хъвавул бажари цебет1езаби.**
**- БатIи –батIиял даражаялъул тIадкъаял тIуразари**
**-Хъвавул ва кIалзул калам цебетIезаби**

3. **Тарбия кьеялъул:**

**- Авар мац1алде рокьи бижизаби.**
**-Нилъерго мац1ги ц1арги к1очене бегьунгут1и бич1ч1изаби.**
**- Кицабаздалъун малъа-хъвай гьаби.**

**Дарсил алатал: кроссворд, ребус, суратал, плакатал, синонимал антонимал хъварал, слайдал.**

**Дарсил план.**

1. **Класс дарсиде х1адур гьаби.**
2. **Дарсил тема рагьи (раг1икъот1).**
3. **Дарсил цебераг1и.**
4. **Такрар гьаби.**
    1. **Суалал.**
    2. **Плакаталдаса х1алт1и.**
    3. **Жалго жидедаго ч1ун, ц1алдохъабазул х1алт1и (Омоним).**
    4. **Ребус «Синоним».**

5. **Таблицаялда х1алт1и(Синоним).**

6. **Физминутка.**

7. **Т1ехьалдаса х1алт1и (Антоним).**

8. **Таблицаялдаса х1алт1и (Антоним).**

9. **Риххизе бегьуларел раг1аби.**

10. **«Раг1аби лъугьинаре».**

5. **Дарсил х1асил гьаби.**

6. **Рокъобе х1алт1и кьей**

**Дарсил ин.**

1. **Класс дарсиде х1адур гьаби**
2. **Дарсил тема рагьи**

**Щ1алдохъабаз раг1икъот1 ц1езабила.**

**-Доскаялда руго суратал. Нужеца х1аракат бахъе, гьал рух1ч1аголъабазул ц1аралги хъван, раг1икъот1 ц1езабизе.**



| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | ГЪ | А | Л | Б | А | Ц1 | |
| | | | Ц | Е | Р | | | |
| О | Р | Д | Е | К | | | | |
| Т1 | А | В | У | С | | | | |
| | | | Р | И | Т1 | У | Ч1 | |
| | | | | К | У | Й | | |
| | | Г | В | А | Н | Г | В | А |

**-Нилъеца ц1езабураб раг1икъот1алъухъги балагьун, лъица бицинеб жакъасеб дарсил тема щиб бугеб нилъер? Т1аса г1одобе кинаб раг1и ккараб? (Лексика).**

3. **Дарсил цебераг1и**

**Жакъа нилъеца хал гьабизе буго лексикаялъул х1акъалъулъ щиб нужеда лъалеб бугищали. Нужеца кьураб щибаб бит1араб жавабалъухъ нужее щвезе руго ц1ваби.**

4. **Такрар гьаби**

1. **Суалал**

**-Сунда абулеб лексикаян?**

**-Лексика абураб раг1и ккола франг мац1алдаса босараб.Маг1арул мац1алде буссинабуни, гьелъул маг1на щиб кколеб?**

**-Г1емер маг1наялъул раг1абазда гьоркьоб бат1алъи щиб?**

2. **Плакаталдаса х1алт1и**

**- Гьал раг1аби кинаб маг1наялъул раг1аби кколел?**

**А)Бер**

**Б)Г1анк1у**

**В)Мац1**

**Г)Кьибил**

**-Кина-кинаб маг1на кьолеб гьал раг1абаз?**

**-Омоним сунда абулеб? (абиялъулъги хъваялъулъги релълъарал, амма маг1на бат1иял раг1аби)**

3. **Жалго жидедаго ч1ун, ц1алдохъабазул х1алт1и (Омоним)**

**-Гьал раг1аби омонималлъун ккезарун, предложениял ургъе.**

| 1 вариант | 2 вариант |
|---|---|
| Сон-сон | моц1-моц1 |
| Нус-нус | мег1ер-мег1ер |

4. Ребус «Синоним»

-Балагье киналго доскаялде. Щиб нужеда гьаниб бихьулеб бугеб? (ребус). Рач1аха ребус ц1ализин (синоним)







5. Таблицаялда х1алт1и(Синоним)

Гьал рехсарал раг1абазда гьорлъ синонимал рате. Синонимазда гьоркьоб х1учч ц1ай.

| | |
|---|---|
| Г1енеккана | шаг1ир |
| Ц1орораб | гъулбас |
| Коч1охъан | г1адалав |
| Хехаб | г1инт1амуна |
| Подпись | квачараб |
| Билана | т1аг1ана |
| Г1антав | г1едераб |

6. **Физминутка**

1. **Нужер хъатикь лимон бугилан цебеч1езабе.Гьанже киназго х1аракат бахъе лимоналдаса ,лъик1го дандеги цун, сок бахъизе.**
2. **Лопаткабазда гьоркьоб къаламилан те. Къалам гьет1изабизе х1аракат бахъе.**

7. **Т1ехьалдаса х1алт1и(Антоним).**

**- Рагье киназго т1ахьал 119 абилеб гьумералде. Бате 319 х1алт1и. Гьал кицаби киназго ц1але. Антонимал рате 4-5 предложениялда.**

**Барахщарасул- чидае, чехь квешасул- жиндиего. Араб батулареб, тараб щолареб. Буголъи баккарулеб, гьеч1олъи бахчарулеб. Ах1долаго гаргадулев- г1абдал, г1одовиччан бицунев- г1акъил. Бергьарав- къавуда, къурав- г1ияда. Г1орц1арав вацасда вакъарав вац лъаларев. Жиндагоги лъалев, лъалесдаги гьикъулев- г1акъил, жиндагоги лъаларев, лъалесдаги гьикъуларев- г1абдал.**

**-Ахирияб кициялъ сунде нилъ кант1изарулел ругел? (Чиясул т1адег1анлъи г1акълуялъулъ бук1ин).**

8. **Таблицаялдаса х1алт1и(Антоним).**

**Гьал раг1абазе антонимал ургъе.**

**Сордо (Къо)**

**Ч1ег1ераб (ХЪах1аб)**

**Бит1араб (Гьет1араб)**

**Бечедаб (Мискинаб)**

**Гъоркь (Т1ад)**

**Халатаб (Къокъаб)**

**Роц1ен (Кьерхен)**

9. Рихxизе бегьуларел рагIаби.

-Фразеологиял сверелазул магIна бице.

А)Досул цIцIани магIарде рахана.

Б)АхIмад, ГIашилтIа Манташ гIадин, вуго.

В)Жергъен гIадин рекъезабизе.

Г)ХIарщулъ тIилал кьабизе.

.Д)Нижеца носол балалъ бахъана гьабихъе нух.

Е)Гьоболас мугъ берцин гьабуна.

Ё)Гъалдибералъул гIучIал халатав чи.

10. «РагIаби лъугьинаре».

ГI, Р,КЪ, КЬ,Ж,У,И,О,Е,А,Л

Гьал хIарпазул рагIаби лъугьинаре.

(ГIужрукъ, кьуру, гIор, рукъ, жул, ражи, рукъ, рагIи, къор, къали, гIерекъ, гIел, гIилла, ракъи, рокьи, лал, гIакълу, лалу, къулагIи, ужра, гIуж, рагI, жал, жа, къел, кьал, гIер, ракь, кьер, росу)

5. Дарсил хIасил гьаби (Рефлексия)

-Бокьанищ нужее дарс?

-Дарсил бищунго щиб бокьараб?

-ЦIияб жо щиб лъараб нужеда гьаб дарсида?

-Кинаб къимат лъелеб нужеего?

ЦIалдохъабазе щварал цIвабзазул къадаралдеги балагьун, къиматал лъела.

6. Рокъобе хIалтIи кьей.

(109 гьумералда бугеб сураталдаса предложениял гIуцIизе № 285)